# 11 мың дана “Президент саўғасы” аймақларға жиберилди

Мехрийбанлық үйи тәрбияланыўшылары, ата-анасының қараўысыз қалған балалар, ата-аналары Ўатанымыз шегараларын қорғаўда қурбан болған 3-15 жастағы балалар, және де социаллық қорғаўға мүтәж болған шаңарақлардың перзентлери ушын 11 000 дана “Президент саўғасы” таярланып аймақларға жиберилмекте.

“Президент саўғасы” қурамына 20 түрдеги мазалы өнимлер, 3 түрдеги оқыў қураллары ҳәм 2 түрдеги буйымлар киргизилген.

Image not found or type unknown

“Президент саўғасы” Қарақалпақстан Республикасы, Хорезм ўәлаятына “Uzbekistan Airways” АЖ самолётлары арқалы ҳәм қалған ўәлаятларға транспорт арқалы жеткериледи.

Өзбекстан Республикасы Президенти атынан таярланған саўғалар усы жылдың 29-30 декабрь күнлери жеткерип бериледи.

Image not found or type unknown

Аўдарма: ҚР Министрлер Кеңеси Мәлимлеме хызмети